

# DIVÒS: SAN KONTESTASYON AK SA KI GEN KONTESTASYON

Divòs se fen legal yon maryaj. Nan New York, Tribinal Siprèm nan se sèl tribinal ki jere dosye divòs. Malerezman, avoka divòs yo (yo konn rele yo avoka matrimonyal) konn koute anpil lajan, epi pa gen anpil òganizasyon ki bay asistans jiridik gratis nan dosye divòs yo.

Access Justice Brooklyn bay konsèy pou moun k ap chèche yon divòs san kontestasyon epi ede pleyan ki pa reprezante yo pou yo ranpli dokiman ki nesèsè yo, tankou moun ki vle separe ak yon patnè ki vyolan. Anplis desa, nou bay asistans dirèk nan Tribinal Lafanmi nan Konte Kings lan pou rezoud konfli gad ak dwa vizit epi ede kliyan yo jwenn òdonans pou sipò timoun oswa pou konjwen an.

## **DIVÒS SAN KONTESTASYON:**

Nan yon divòs ki san kontestasyon, pa gen okenn dezakò ant mari a ak madanm nan ki ta dwe tranche nan tribinal. Ou ka mande yon divòs san kontestasyon si pa gen okenn diskisyon konsènan:

- Rezon ki fè oswa "fondman" pou divòs la - rezon yo ka varye soti nan relasyon ki kraze epi ki pa ka konstwi ankò, tretman mechan ak tretman ki pa imen, abandon, anprizònman, adiltè, oswa viv apa yon lane aprè separasyon an
- Sipò finansye oswa pansyon alimantè
- Divizyon byen yo, tankou kont retrèt ak pansyon yo
- Gad timoun nan ak sipò timoun - Tribinal lafanmi an ka ede deside ak ki paran timoun yo pral abite (gad timoun yo) ak sipò timoun yo anvan ou mande yon divòs.

## **DIVÒS KI GEN KONTESTASYON:**

Si gen yon dezakò oswa yon pwoblèm sou rezon ki fè divòs la, sou sipò finansye, sou separasyon byen yo, sou gad ak/oswa sipò timoun yo, divòs la ka vin tounen yon divòs ki konteste. Divòs ki konteste yo ka vin konplike anpil epi, an jeneral yo pran plis tan, sa ki mande pou ale nan tribinal anpil.



Access Justice Brooklyn  
44 Court Street, Suite 1206, Brooklyn, NY 11201  
(718) 624-3894 | [help@accessjusticebk.org](mailto:help@accessjusticebk.org)  
[www.accessjusticebrooklyn.org](http://www.accessjusticebrooklyn.org)